# Апостол Иоанны æртыккаг фыстæг

**1** Хистæрæй – мæ уарзон Гаймæ, æцæгæй кæй уарзын, уымæ.

**2** Мæ уарзон хæлар, æз кувын, цæмæй уай æнæниз æмæ дын алцы хъуыддаджы дæр æнтыса, дæ удæн куыд æнтысы, афтæ.

**3** Æфсымæртæ куы æрцыдысты æмæ, ды æцæгадыл æнувыд кæй дæ æмæ æцæгадмæ гæсгæ кæй цæрыс, уый тыххæй куы радзырдтой, уæд æз тынг бацин кодтон.

**4** Мæ сывæллæттæ æцæгадмæ гæсгæ кæй цæрынц, уый фехъусынæй стырдæр цин мæнæн нæй.

**5** Мæ уарзон хæлар, æфсымæртыл, стæй дзы кæй нæ зоныс, суанг уыдоныл дæр кæй узæлыс, уымæй дæр иузæрдион дæ.

**6** Уыдон аргъуанæн радзырдтой дæ уарзты тыххæй. Хуыцауæн фæндон куыд у, афтæ сæ фæндагмæ куы срæвдз кæнай, уæд уымæй хорз бакæндзынæ.

**7** Уыдон балцы ацыдысты Чырыстийы сæраппонд, муртаттæй та æххуыс нæ исынц.

**8** Æмæ ахæмтæн мах хъуамæ æххуыс кæнæм, æцæгадæн æмкусджытæ куыд уæм, афтæ.

**9** Æз ныффыстон аргъуанмæ, фæлæ сæм хицауиуæг кæнын чи уарзы, уыцы Диотреф нæ ницæмæ дары.

**10** Æмæ æз куы æрцæуон, уæд радзурдзынæн йæ хъуыддæгты тыххæй. Цъыф ныл калы, æмæ йæм уый дæр фаг нæ кæсы, фæлæ ма æфсымæрты йæхæдæг дæр нæ уазæг кæны, æмæ сæ суазæг кæнын кæй фæнды, уыдонæн дæр æвæры цæлхдуртæ æмæ сæ тæры аргъуанæй.

**11** Мæ уарзон хæлар, æвзæр цы у, уый ма фæзм, фæлæ фæзм, хорз цы у, уый. Хæрзгæнæг Хуыцауæй у; хæрам хъуыддæгтæ чи кæны, уый та Хуыцауы нæ федта.

**12** Димитрийы тыххæй хорз дзурынц сеппæт дæр, æмæ дзы афтæ зæгъы æцæгад йæхæдæг дæр. Мах дæр стæм æвдисæнтæ, æмæ нæ дзырд æцæг кæй у, уый хорз зоныс.

**13** Бирæ цæйдæрты тыххæй дæм ныффыссин, фæлæ мæ милдонæй фыссын нæ фæнды –

**14** Мæ зæрдæ дарын дæу рæхджы фенынил æмæ уæд лæгæйлæгмæ фæныхас кæндзыстæм.

**15** Фæрнджын у. Салам дын дæттынц хæлæрттæ. Хæлæрттæн салам ратт номæй-номмæ.

---

**4** 1 Кор. 4:15. **8** Мф. 10:40. **11** 1 Ин. 2:29.